



# **Rubatsiro Runobva Kumsoro**

**Rugwaro rwakabudiswa  
navaWatson Goodman**

**Ropachena — Risingatengeswe**

**“RUBATSIRO RUNOBVA KUMSORO”** rakaitwa buku duku kuti rive nyore kuritakura iwe nokurishandisa chero nguva yaungange wakamirira mumwe wako kana kuti wakamirira kutakurwa. Zvidzidzo zvakatosarudzwa muShoko raMwari pazvidzidzo isvozvo zvakasarudzwa kubva munzvimbo dzakasiyana-siyana muBaiberi nokuti ndinotenda nokutsanangura kwakanakisa muShoko kunoitwa neBaiberi pacharo.

Shoko raMwari “rinobva kumsoro” zvekare paidi rinobatsira zvikuru pamwoyo inenzara nenyota yokururama. Kana munhu atendeuka, achinge asiya zvitadzo, nokutenda Muponisi, Tenzi Jesu Kristu, nemwoyo wake wose. Ishe uchazviratidza kwaari nokuisa mufaro wake nerugare kumwoyo wemutende. Ini ndakazvizivisisa izvi mugore ra1937 nenguva yepakati pamakore mazhinji akapfuura kuti handina kutyora ichi chishamiso chokuyanana naTenzi. Ndinokukurudzirayi imi kuzvipira kwaari iko zvino kana musina kumbodaro kare. — Watson Goodman

## **RUDO RWAMWARI**

**1**

### **VaRoma 5.8**

Asi Mwari anoratidza rudo rwake nesu, pakuti Kristu wakatifira tichiri vatadzi.

### **Zvakazarurwa 1.5**

Nokuna Jesu Kristu, chapupu chakatendeka, dangwe kuna vakafa, mukuru wamadzimambo enyika. Kuno uya anotida, akatisunungura pazvitadzo zvedu neropa rake.

### **1 Johane 4.8, 9**

Asingadi vamwe, haazivi Mwari, nokuti Mwari rudo. Rudo rwaMwari rwakaradidzwa matiri nechinhu ichi, chokuti Mwari wakatumama Mwanakomana wake mu-

nyika, wakaberekwa achingova mumwe chete, kuti tirarame naye.

### **Johane 13.1**

Zvino mutambo wePasika usati wasvika, Jesu achiziva kuti nguva yake yasvika, yokuti abve munyika ino, aende kuna Baba; uye sezvaaida vanhu vake vaiva munyika, wakavada kusvikira pakuguma.

### **Johane 3.16**

Nokuti Mwari wakada nyika kudai, kuti wakapa Mwanakomana wake kwairi, wakaberekwa achingova mumwe oga, kuti ani nani anotenda kwaari, arege kufa, asi ave noupenyu husingaperi.

## 1 Timotia 3.16

Hakuna angarambe kuti chakavanzika chokunamata Mwari chikuru kwazvo, chokuti: Iye wakaoneswa panyama, akarurami swa pamweya, akaonekwa navatumwa, akaparidzwa pakati pamarudzi avanhu, akatendwa panyika, ndokuzokwidzwa mukubwinya.

## Johane 14.9, 10a

Jesu akati kwaari: Ndakava nemi nguva refu yakadai, ko hauzati wandiziva here Firipi? Wandiona ini, waona Baba; zvino unogoreva seiko, uchiti: Titaridzei Baba? Hautendi here kuti ndiri muna Baba, naBaba vari mandiri?

## Mateo 1.22, 23

Izvozvo zvose zvakaitwa kuti zviitike zvakarehwa naShe nomuro mo womuprofito, achiti: Tari-rai, mhandara ichava napamuviri, ikazvara mwanakomana, Vagomutumidza zita rinonzi Emanuere; ndiko kuti Mwari anesu, kana zvichishandurwa.

## Johane 1.1, 14

Pakutanga Shoko raivako, Shoko raiva kuna Mwari, Shoko raiva Mwari. . . Shoko riya rakazova nyama, rikagara pakati pedu, tikaona kubwinya kwake, soku bwinya kwowakaberekwa achingova mumwe chete waBaba, aze-re nenyasha nechokwadi.

## JESU, MWANAKOMANA WAMWARI

3

### Mateo 8.29

Zvino vakadanidzira, vachiti: Tine mhosva yeiko nemi, Mwanakomana waMwari? Mauya pano kuzotionese nhamo, nguva isati yasvika here?

### Mateo 17.5

Wakati achataura navo, ona, gore rinobwinya rikavafukidza; izwi rikabva mugore, richiti: Uyu ndiye Mwanakomana wangu mudikanwa, wandinofarira, munzwe zvaanoreva.

### Ruka 1.35

Mutumwa akapindura, akati kwaari: Mweya Mutsvene uchauya pamusoro pako, nesimba ro-

Wokumusorosoro richakufukidza; saka icho chitsvene chinozoberekwa chichanzi Mwanakomana waMwari.

### 1 Johane 4.15

Ani nani anopupura kuti Jesu ndiye Mwanakomana waMwari, iye Mwari anogara maari, naiye achigara muna Mwari.

### Mateo 3.17

Zvino tarira, izwi rakabva kudenga, richiti: Uyu ndiye Mwanakomana wangu mudikanwa, wandinofarira.

### VaKorose 2.9

Nokuti kuzara kwouMwari kwose kunogara maari mumuviri.

## **4 JESU ANOTIUDZA KUTI NDIYE ANI**

### **Johane 13.13**

Munonditi Mudzidzisi uye Ishe. Zvino munoreva henyu kwazvo, nokuti ndizvo zvandiri.

### **Johane 8.23**

Akati kwavari: Imi muri vapasi, ini ndiri wokumusoro; imi muri venyika ino, ini handizi wenyika ino.

### **Johane 9.5**

Ndichiri panyika, ndiri chiedza chenyika.

### **Johane 10.7**

Zvino Jesu wakataurazve achiiti: Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri: Ndini musuo wamakwai.

### **Johane 6.35**

Jesu akati kwavari: Ndini chingwa choupenyu; uyo, anouya kwandiri, haangatongovi nenzara, naanotenda kwandiri haangatongovi nenyota.

### **Johane 4.25, 26**

Mukadzi akati kwaari: Ndinoziva kuti Mesiasi anouya, uya anonzi Kristu. Kana iye azosvika achatiudza zvinhu zvose. Jesu akati kwaari: Ini, ndinotaura nemi, ndini iyeyo.

### **Johane 11.25**

Jesu akati kwaari: Ndini kumuka noupenyu; anotenda kwandiri, achararama kunyange akafa.

## ZVIMWE ZVISHAMISO ZVAKAITWA NAJESU 5

### Mateo 14.19-21

Akarayira vanhu vazhinji kuti vagare pasi pauswa, akatora zvingwa zvishanu nehove mbiri, ndokutarira kudenga, akavonga, akamedura zvingwa zviya, ndokupa vadzidzi vake, vadzidzi vakapa vanhu vazhinji. Vakadya vose, vakaguta; vakaunganidza zvimedu zvakasara, vakawana matengu ane gumi namaviri azere. Vakanga vadya vaiva varume vanenge zviuru zvishanu, vakadzi navana vasingaverengwi.

### Ruka 5.4-6

Kuzoti apedza kutaura, akati kuna Simoni: Endai kunonyudza, muregedzere mimbure yenyumo,

mugobata. Simoni akapindura akati: Tenzi, takatambura usiku hwose, tikasabata chinhu; asi nokuda kwokutaura kwenyu, ndicharegedzera mimbure mumvura. Vakati vaita izvozvo, vakakuva hove zhinji, mimbure yavo ikabva yabvaruka.

### Mateo 20.30, 34

Zvino ona, mapofu maviri akanga agere panzira, akati achinzwa kuti Jesu wopfuura, akadanidzira, achiti: Ishe, Mwanakomana wa-Davidi, tinzwirei tsitsi! . . . Jesu akaanzwira tsitsi, akabata meso awo; pakarepo akasvinura, akamutevera.

## **6 JESU KRISTU NDIYE MUSIKI NATENZI**

### **VaKorose 1.16**

Nokuti zvinhu zvose zvakasi-  
kwa maari, zviya zviru kudenga  
nezviru panyika, zvinoonekwa ne-  
zvisingaonekwi, kunyange zviru  
zvoushe, kunyange ushe kana u-  
mambo kana masimba; zvinhu  
zvose izvi zvakasikwa naye uye  
zvakasikirwa iye.

### **VaRoma 14.9**

Nokuti ndizvo zvakafira Kristu  
akararamazve, kuti agova Ishe  
wavo vose, vakafa navapenyu.

### **Johane 1.3**

Zvinhu zvose zvakaitwa naye;  
kunze kwake hakuna kuitwa ku-  
nyange chinhu chimwe chete cha-  
kaitwa.

### **VaHeberu 1.2**

Mwari. . . zvino pakupedzisira  
kwamazuva ano wakataura kwa-  
tiri muMwanakomana wake, waa-  
kagadza kuti ave mugari wenhaka  
yezvinhu zvose, waakaitawo nyi-  
ka naye.

### **1 VaKorinte 1.9**

Mwari wakatendeka, iye wa-  
makadanwa naye kuzowadzana  
noMwanakomana wake, Jesu Kri-  
stu, Ishe wedu.

### **Mabasa Avapostori 2.36**

Zvino imba yose yaIsraeri ngai-  
zive kwazvo, kuti Jesu iyeyu  
wamakarovera pamuchinjikwa,  
Mwari wakamuita Ishe naKristu.



## **JESU KRISTU NDIYE MUTONGI WAVOSE 7**

**Johane 5.22**

Nokuti Babawo havatongi munhu, asi vakapa Mwanakomana kutonga kwose.

**VaRoma 14.10**

Ko zvino iwe unogopireiko hama yako mhosva? Kunyange newewo, unozvidzireiko hama yako? Nokuti isu tose tichamira pachigaro chokutonga chaMwari.

**Mabasa Avapostori 10.42**

Akatirayira kuti tiparidzire vanhu, nokupupura kwazvo kuti ndiye wakagadzwa naMwari, kuti ave Mutongi wavapenyu navakafa.

**VaRoma 2.16**

Nezuva iro, Mwari raanozotonga naro zvakavanzika zvavanhu,

zvichiitwa naJesu Kristu, sezvino-reva Vangeri yangu.

**2 Timotia 4.1**

Ndinokurayira kwazvo pamberi paMwari, naKristu Jesu, anova ndiye anozotonga vapenyu navakafa pakuonekwa kwake napaushe hwake.

**Ruka 3.17**

Rusero rwake ruri muruoko rwake, kuti anitse buriro rake kwazvo, agotutira zviyo mudura rake; asi hundi achaipisa nomwoto usingadzimwi.

**Mateo 25.32**

Namarudzi ose achaunganidzwa pamberi pake, agovaraura somufudzi anoraura makwai nembudzi.

## **8 KUNUNURWA KURIPO CHETE NOMUNAKRISTU**

### **Johane 10.9**

**Ndini musuo; kana munhu achipinda napandiri, achaponeswa; agopinda nokubuda nokundowana mafuro.**

### **Johane 14.6**

**Jesu akati kwaari: Ndini nzira, nechokwadi, noupenyu; hapana munhu anouya kuna Baba, asi napandiri.**

### **Johane 8.24**

**Saka ndati kwamuri: Muchafira muzvitadzo zvenyu, nokuti kana musinganditendi kuti ndini iye, muchafira muzvitadzo zvenyu.**

### **VaHeberu 7.25**

**Naizvozvo ane simbawo rokuponesa kwazvo kwazvo vaya va-**

**noswedera kuna Mwari naye, nokuti anorarama nguva dzose, kuti avareverere.**

### **VaHeberu 5.9**

**Zvino kuzoti akwaniswa, waka-zova muvambi woruponeso rusingaperi kuna vose vanomuterera.**

### **Mabasa Avapostori 4.12**

**Nokuti hakuna kuponeswa kuno mumwezve, nokuti hakuna rimwe zita pasi pedenga, rakapiwa vanhu, ratingaponeswe naro.**

### **VaGaratia 3.13**

**Kristu wakatidzikinura pakutuka kwomurayiro, iye akaitwa chakatukwa nokuda kwedu, nokuti kwakanyorwa kuchinzi: Vose, vakaturikwa pamuti vakatukwa.**

## **KUNUNURWA KURIPO CHETE NOMUNAKRISTU 9**

### **VaKorose 1.12-14**

Muchivonga Baba, vakakukwanisai, kuti muwane mugove we-nhaka yavatsvene muchiedza. Ivo Baba vakatisunungura pasimba rerima, vakatiisa muushe hwo-Mwanakomana worudo rwavo. Maari ndimo matino rudzikinuro, irwo ruregerero rwezvitadzo zvedu.

### **Ruka 19.10**

Nokuti Mwanakomana womunhu wakauya kuzotsvaka nokuponesa chakarasika.

### **1 VaKorinte 1.30**

Asi zvinobva maari zvokuti muri muna Kristu Jesu, wakaitwa

naMwari kuti ave uchenjeri hwe-du, nokururama, noutsvene norudzikinuro.

### **Zvakazarurwa 5.9**

Vakaimba rwiyo rutsva vachiti: Ndimi makafanira kuti mutore buku nokukwatura zvisimbiso zvaro; nokuti makabayiwa, mukatengera Mwari vanhu neropa renyu, vanobva kumarudzi ose, nendimi dzose, navanhu vose, nendudzi dzose.

### **Titosi 2.14**

Wakazvipa nokuda kwedu, kuti atidzikinure pazvisakarurama zvose, agozvinatsira vanhu vake pachake, vanoshingairira mabasa akanaka.

## VaEfeso 1.7

Muna iyeyo tino rudzikinuro neropa rake, iko kuregererwa kwokudarika kwedu, sokuwanda kwenyasha dzake.

## VaHeberu 9.14

Ndoda ropa raKristu, wakazvilita chibayiro kuna Mwari, noMweya usingaperi, chisina chakaipa, kuti ringanatse hana dzedu pamabasa akafa, kuti tishandire Mwari mupenyu.

## 1 Petrosi 1.18, 19

Muchiziva kuti hamuna kudzikinurwa nezvinoora, sesiriva kana ndarama, pamufambiro wenyu u-

sina maturo, wamakatora kumadzibaba enyu; asi makadzikinurwa neropa raKristu, seregwaiana risina charingapomerwe, risina gwapa.

## VaRoma 5.9

Zivno, zvatakaruramiswa neropa rake, tichanyanya kuponeswa kwazvo naye pahasha dzaMwari.

## 1 Johane 1:7

Asi kana tichifamba muchiedza, saiye ari pachiedza, tinowadzana pachedu; neropa raJesu Kristu, Mwanakomana wake, rinotichenesa pazvitadzo zvose.

## **RUPONESO NOKUTENDEKA MUNAKRISTU 11**

### **VaEfeso 2.8, 9**

Nokuti makaponeswa nenyasha, nokutenda; izvi zvisingabvi kwamuri imi kwete, asi chipo chaMwari. Hazvibvi pamabasa, kuti kugorega kuva nomunhu anozozvikudza.

### **VaRoma 5.1**

Naizvozvo zvatinoruramiswa nokutenda, ngative norugare kuna Mwari zvichibva nokuna Ishe wedu Jesu Kristu.

### **VaGaratia 5.6**

Nokuti muna Kristu Jesu kudzisingiswa kunyange kusadzingiswa hazvibatsiri chinhu, asi kute nda kunoshanda norudo.

### **1 Johane 5.4**

Nokuti chinhu chipi nechipi, chinoberekwa naMwari, chinokunda nyika; zvino uku ndiko kuku nda kwakakunda nyika, iko kute nda kwedu.

### **Johane 20.31**

Asi izvi zvakanyorwa, kuti mutende kuti Jesu ndiye Kristu, Mwanakomana waMwari; uye kuti muchitenda, muve noupenyu muzita rake.

### **Johane 6.28, 29**

Ipapo vakati kwaari: Tingaiteko kuti tibate mabasa aMwari? Jesu akapindura akati kwavari: Basa raMwari ndiro kuti mutende kuno uya waakatuma.

## 2 VaKorinte 1.3

Mwari ngaarumbidzwe, ivo Baba vaShe wedu Jesu Kristu, Baba vetsitsi, Mwari wokunyaradza kwose.

## Mateo 18.11-14

Nokuti Mwanakomana womunhu wakauya kuzoponesa chakarāsika. Munofungeiko? Kana munhu ana makwai ane zana, rimwe rawo rikarasika, haangasiyi makumi mapfumbamwe namapfumbamwe, akaenda kumakomo kundotsvaka rakarasika here? Kana ariwana, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, anorifarira kupfuura makumi mapfumbamwe nama-

pfumbamwe asakarasika. Nokudararo hakuzi kuda kwaBaba venyu vari kudenga, kuti mumwe wavaduku ava aparare.

## 1 Petrosi 1.3

Mwari, Baba vaShe wedu, Jesu Kristu, ngaarumbidzwe, wakati-berekazve netsitsi dzake huru, kuti tive netariro mhenyu inouya nokumuka kwaJesu Kristu kuvakafa.

## VaHeberu 4.16

Naizvozvo ngatiswedere tichishinga kuchigaro choushe chenya-sha, kuti tinzwirwe tsitsi, tigowananyasha dzokubatsirwa panguva yakafanira.

# MWARI ANOTIKOKERA KUENDA KWAARI 13

**Mateo 11.28**

Uyai kwandiri, imi mose maka-neta, makaremerwa, ini ndicha-kuzorodzai.

**Zvakazarurwa 22.17**

Mweya nomwenga vanoti: Uyai! Naiye anonzwa ngaati: Uyai! Ane nyota ngaauye hake. Anoda ngaatore mvura youpenyu asinga-tengi.

**2 Timotia 1.9**

Wakatiponesa, akatidana noku-dana kutsvene, zvisingabvi pama-basa edu kwete, asi pakufunga kwake iye, nenyasha dzaakatiitira muna Kristu Jesu nguva dzisati dzavapo.

**Johane 7.37**

Zvino pazuva rokupedzisira, raiva guru romutambo, Jesu wakamira akadanidzira, akati: Kana munhu ane nyota, ngaauye kwandiri azonwa.

**2 VaKorinte 5.20**

Naizvozvo tiri nhume nokuda kwaKristu, Mwari achiita soku-gombedzera nesu. Tinokumbira nokuda kwaKristu tichiti: Yana-niswai naMwari.

**Ruka 14.17**

Akatuma muranda wake ne-nguva yokudya kuti audze vaka-nga vakakokwa kuti: Chiuyai, no-kuti kudya kwagadzirwa zvino.

## 14 VANHU VOSE HAVAZI VANA VAMWARI

**VaRoma 8.14, 15**

Nokuti vose vanotungamirirwa noMweya waMwari, ndivo vana-komana vaMwari ivavo. Nokuti hamuna kupiwa mweya wouranda kuti mugotyazve, asi makapiwa Mweya wokutiita vanakomana, watinodana nawo tichiti: **Aba, Baba.**

**2 VaKorinte 6.17, 18**

Saka Chibudai mukati mavo, muzviraure, ndizvo zvinotaura **I-she**; Musabata chinhu chine tsvina kwete; Neni ndichakugamuchirai. Ndichava Baba venyu, Nemi muchava vanakomana navanasi-

kana vangu, ndizvo zvinotaura **Ishe** ane simba rose.

**VaFiripi 2.15**

Kuti mugova vanhu vasina chavangapomerwe, navasinganyenge-dzeri, vana vaMwari vasina chinongo pakati porudzi rwakakombama, rwakatsauka, rwamunonekwa pakati parwo makaita sezviedza munyika.

**1 Johane 3.10**

Vana vaMwari navana vaDiabori vanoonekwa nezvizvi, zvokuti: Mumwe nomumwe asingaiti zvakarurama, haazi waMwari, nouyawo asingadi hama yake.



# **IZVO MWARI ANOTAURA PAMUSORO POKUNWA KUNOKORA**

**15**

## **Ruka 21.34**

**Chenjerai kuti mwoyo yenyu i-rege kuremedzwa nokudyisa no-kuraradza, nokufunganya pamu-  
soro pezvinhu zvoupenyu hwuno,  
kuti zuva iroro rirege kukuwirai  
seriva.**

**nokuraradza, nokutamba kwakai-  
pa, nezvinhu zvakadai; izvo zva-  
ndinokuudzai zvino, sezvandaka-  
mbokuudzai kare, kuti vanoifa  
zvakadai havangagari nhaka you-  
she hwaMwari.**

## **VaGaratia 5.19-21**

**Zvino mabasa enyama ari pa-  
chena, anoti: Upombwe, netsvina,  
nokukara, nokunamata zvifanani-  
dzo, nouroyi, noruvengo, nokuka-  
kavadzana, negodo, nokutsamwa,  
nokuzvida, nokupesana, nedzidzi-  
so dzakatsauka, nokugodorana,**

## **VaRoma 13.13, 14**

**Ngatifambe zvakafanira, sava-  
nhu vanofamba masikati tisinga-  
zviiti nokutamba kwakaipa, no-  
kuraradza, kana noupombwe no-  
kukara, kana nenharo negodo. Asi  
pfekai Ishe Jesu Kristu, murege  
kufunga zvokuchengeta nyama,  
muchizobva mochiva.**

## 1 Johane 5.7-12

Zvino Mweya ndiye anopupura, nokuti Mweya ndiye chokwadi. Nokuti kune zvitatu zvinopupura, zvinoti: Mweya, nemvura neropa; zvino zvitatu izvi zvinowirirana. Kana tichigamuchira kupupura kwavanhu, kupupura kwaMwari kwakapinda kukura; nokuti uku ndiko kupupura kwaMwari, kwokuti wakapupura zvoMwanakomana wake. Uyo, anotenda kuMwanakomana waMwari, kupupura anako mukati make. Asingatendi kuna Mwari, wamuita murevi wenhema, nokuti haana kutenda kupupura kwakapupura Mwari pamusoro poMwanakoma-

na wake. Zvino kupupura ndoku ku kwokuti Mwari wakatipa upenyu husingaperi; zvino upenyu uhwu huri muMwanakomana wake. Munhu, ano Mwanakomana, ano upenyu; asina Mwanakomana waMwari, haana upenyu.

## 1 Timotia 1.12,13

Ndinomuvonga iye Kristu Jesu, Ishe wedu, wakandipa simba, nokuti wakanditi ndakatendeka, akandiisa pabasa rake; ini kunyange ndaiva munhu waishonha Mwari kare, ndichitambudza vamwe nokuvaitira zvakaipa. Asi ndakaitirwa tsitsi, nokuti izvi ndakanga ndichizviita mukusaziva nomukusatenda.

**VaGaratia 6.3**

Nokuti kana munhu achiti, ndiri chinhu, asati ari chinhu, ano-zvinyengedzera iye.

**VaEfeso 5.6**

Ngakurege kuva nomunhu ano-kunyengedzerai namashoko asina maturo, nokuti nemhosva yezvinhu izvi hashu dzaMwari dzinouya pamusoro pavanakomana vokusaterera.

**1 VaKorinte 6.9, 10**

Ko hamuzivi here kuti vasakarurama havazogari nhaka youshe hwaMwari? Musarasika; nokuti vava vanokarira vakadzi, nava-nonamata zvifananidzo, nemho-

mbwe, navakapata, navarume vanoita zvakaipa navamwe varume, nembava, navano ruchiva, nava-noraradza, navanotuka vamwe, namakororo, havangagari nhaka youshe hwaMwari.

**1 Johane 3.7, 8a**

Vana, musatsauswa nomunhu. Uya, anoita zvakarurama, wakarurama, saiye akarurama. Uya, anoita zvitadzo, ndowaDiabori, nokuti Diabori anoita zvitadzo kubva pakutanga.

**Jakubosi 1.22**

Asi ivai vanhu vanoita shoko, murege kungova vanhu vanorinzwa chete, muchizvinyengera.

**VaRoma 6.21**

Ko maigova nezvibereko zveiko panguva iyeyo pazvinhu zviya zvamava kunyara zvino? Nokuti mugumo wazvo ndirwo rufu.

**Ruka 15.32**

Kwaifanira kuti tifarere wani nokushangara, nokuti mununguna wako uyu wakanga afa, zvino wararama; uye wakanga arasika, zvino wawanika.

**Zvakazarurwa 21.8**

Asi kana vari vaya vanotywa, navasingatendi, navanonyangadza, navaurayi, nemhombwe, navaroyi, navanonamata zvifananidzo, navaya vose vanoreva nhema,

mugove wavo uri mudziva rinopfuta nomwoto nesarufa; ndirwo rufu rwechipiri.

**VaRoma 5.12**

Saka, zvitadzo sezvazvakapinda munyika nomunhu mumwe chete, rufu rukauyiswawo nezitadzo, saizvozvowo rufu rwakandosvika kuvanhu vose, nokuti vanhu vose vakatadza.

**VaRoma 8.6**

Nokuti kufunga kwenyama ndirwo rufu; asi kufunga kwoMweya ndihwo upenyu norugare.

**Jakubosi 1.15**

Zvino kuchiva, kana kwarema, kunozvara zvitadzo; nezvitadzowo kana zvakomba, vinobereka rufu.

**Ruka 7.14, 15**

Ipapo wakasvika pedyo, akabata hwanyanza; vaya vakanga vachitakura munhu ndokubva vamira. Akati: Jaya, ndinoti kwauri: Chimuka. Uya wakanga afa akabva amuka, akagara, ndokutanga kutaura, akamupa mai vake.

**Johane 11.43, 44**

Kuzoti areva izvozvi, wakadanidzira nezwi guru akati: Razaro chibuda! Uya, wakanga akafa, ndokubva abuda, akapombwa makumbo namaoko namachira, kumeso kwake kwakasungwawo nomucheka. Jesu akati kwavari: Mumusunungure, aende.

**Johane 10.17, 18**

Saka Baba vanondida, nokuti ndinorasa upenyu hwangu, ndigohutorazve. Hakuna munhu anganditorere ihwo; asi ndinohurasa ini pachangu. Ndine simba rokukurasa, uye ndine simba rokuhutorazve. Uyu murayiro ndakaupiswa naBaba vangu.

**1 VaKorinte 15.3, 4**

Nokuti pakutanga ndakakupai zviya zvandakagamuchirawo, zvokuti Kristu wakafira zvitadzo zvedu, sezvazvakanyorwa paMagwaro; uye zvokuti wakavigwa, akamutswa nezuva retatu, sezvazvakanyorwa paMagwaro.

## Mateo 22.36-40

Mudzidzisi, murayiro mukuru pamirayiro ndoupiko? Akati kwaari: Ida Ishe, Mwari wako, nomwoyo wako wose, nomweya wako wose, nokufunga kwako kwose. Ndiwo murayiro mukuru uye ndiwo wokutanga. Wechipiri wakaenzana nawo, ndiwoyu: Ida wokwako, sezvaunozvida pachako. Murayiro wose navaprofita zvakabatanidzwa pamirayiro iyi miviri.

## Marko 10.17-21

Zvino kuzoti opinda munzira, mumwe munhu wakamhanyira kwaari, akafugama pamberi pake

akamubvunza achiti: Mudzidzisi wakanaka, ndingaiteiko kuti ndigare nhaka youpenyu husingapere? Jesu akati kwaari: Unonditi wakanaka seiko? Hakuna wakanaka kwete, asi mumwe chete, iye Mwari. Mirayiro unoiziva, inoti, usauraya, usaita upombwe, usaba, usapupura nhema, usanyengedzera, kudza baba vako namai vako. Akati kwaari: Mudzidzisi, zvose izvi ndakazvichengeta kubva ndichiri muduku. Jesu akamutarira akamuda, akati kwaari: Unoshayiwa chinhu chimwe chete; enda, undotengesa zvose zvaunazvo, upe varombo, uve nefuma kude nga, ugouya wonditevera.

**VaHeberu 4.13**

Uye hakuna chisikwa chisingaonekwi naye, asi zvinhu zvose zvakafukurwa nokuiswa pachena pameso aye watinofanira kuzvidavirira kwaari.

**Mabasa Avapostori 17.24-28**

Mwari wakasika nyika nezvinhu zvose zviriri mairi, iye Ishe wendenga napasi, haagari mutembere dzakavakwa namaoko. Haashandirwi namaoko avanhu kwete, saanonzi ane chaanoshayiwa; ndiye anotopa vanhu vose upenyu, nokufema, nezvinhu zvose. Wakaita marudzi ose avanhu, achibva pamumwe chete, kuti agare

panyika yose, ambotara nguva dzavakatemerwa, nemiganhu yokugara kwavo; kuti vatsvake Mwari, zvimwe vamutsvangadzire, vagomuwana, kunyange asiri kure nomumwe nomumwe wedu. Nokuti maari ndimo matinorarama, nokufamba maari, nokuva nechimiro chedu maari, sezvaka-revawo vamwe vanyori vokwenyu, vachiti: Nokuti tiri rudzi rwakewo.

**Ruka 8.17**

Nokuti hapana chakavanzika, chisingazovi chinoonekwa, uye hakuna chakavigwa, chisingazokanwi chikabuda pachena.

## 22 KURANGWA KUSINGAPERI KWAVASINGADI MWARI

### 2 Petrosi 3.7

Asi denga nenyika, zviripo iye zvino, zvakachengeterwa mwoto neshoko irori, zvichirindira zuva rokutonga, nerokuparadzwa kwavanhu vanoramba Mwari.

### Zvakazarurwa 20.15

Zvino kana munhu akawanikwa asina kunyorwa mubuku roupenyu, wakakandwa mudziva romwoto.

### Mateo 13.41, 42

Mwanakomana womunhu achatuma vatumwa vake, vagounganidza vachibvisa muushe hwake zvose zvinogumburisa, navanoita

zvisakarurama, vagovakandira muvira romwoto; ipapo pachava nokuchema nokugeda-geda kwameno.

### Mateo 25.46

Ava vachabva ndokupinda mukurohwa kusingaperi; asi vakarurama vachaenda kuupenyu husingaperi.

### Mateo 18.8

Kana ruoko rwako nyange rutsoka ruchikugumburisa, urugure, ugorurasira kure newe. Zviri nani kuti upinde muupenyu uri chirema, nyange uchikambhina, pakukandwa mumwoto usingagumi, una maoko maviri kana tsoka mbiri.



**VaHeberu 9.27**

Uye vanhu zvavakatemerwa kuti vafe kamwe chete, kutongwa kuchizotevera.

**1 Johane 4.17**

Rudo rwakakwaniswa patiri mune zvizvi, zvokuti tive nokutsunga pazuva rokutonga; nokuti sezvaakaita iye, ndizvo zvatakaitawo munyika ino.

**Mabasa Avapostori 17.31**

Nokuti wakatara zuva, raachatonga nyika naro nokururama, nomurume waakagadza; akasimbisa shoko iri kuna vose, pakumumu-tsa kuvakafa kwaakaita.

**2 VaKorinte 5.10**

Nokuti isu tose tinofanira ku-zoonekwa pamberi pechigaro chokutonga chaKristu; kuti mumwe nomumwe apiwe chakanaka kana chakaipa, samashandiro aakaita nomuviri wake.

**2 Petrosi 2.9**

Saka Ishe anoziva kurwira vanoda Mwari pamiedzo, nokuchengeta vasakarurama kuti vave pakurohwa kusvikira pazuva rokutongwa.

**VaRoma 14.12**

Naizvozvo mumwe nomumwe wedu achazvidavirira kuna Mwari.

**2 VaKorinte 8.9**

Nokuti munoziva nyasha dzaShe wedu, Jesu Kristu, kuti kunyange akanga akafuma, wakava murombo nokuda kwenyu, kuti imi mugova vafumi nourombo hwake.

**Mabasa Avapostori 4.33**

Vapostori vaipupura kumuka kwaShe Jesu nesimba guru, vakava nenyasha huru pamusoro pavo vose.

**VaRoma 9.16**

Saka hazvibvi pakuda kunoita munhu, kana pakushingaira, asi zvinobva kuna Mwari, anonzwira tsitsi.

**2 VaKorinte 9.15**

Mwari ngaavongwe pamusoro pechipo chake, chisingagoni kutaurwa.

**1 Petrosi 5.5b**

. . . nokuti Mwari anodzivisa vanozvikudza, asi anopa nyasha vanozvininipisa.

**VaRoma 5.15**

Asi chipo chenyasha hachina kufanana nokudarika kwete. Nokuti kana vazhinji vakafa nokudarika kwaiye mumwe chete, zvikuru nyasha dzaMwari nechipo, chakauya nenyasha dzomunhu mumwe chete, iye Jesu Kristu, zvakawandira vazhinji.

**2 VaKorinte 7.10**

Nokuti kusuwa sezvinoda Mwari kunouyisa kupinduka, kunoisa kuruponeso rusina anozozvidya mwoyo; asi kusuwa kwenyika kunouyisa rufu.

**Mabasa Avapostori 17.30**

Naizvozvo dziya nguva dzokusaziva, Mwari wakarega hake kudzirangarira, asi panguva ino, anoparidzira vanhu vose kwose kwose kuti vapinduke.

**Ruka 15.7**

Ndinoti kwamuri: Saizvozvowo kudenga kuchava norufaro pamusoro pomutadzi mumwe chete anopinduka, kukunda kufarira va-

karurama vana makumi mapfumbamwe navapfumbamwe, vanoshayiwa chavanopindukira.

**Ruka 13.3**

Ndinoti kwamuri, kwete; asi kana musingapinduki, muchaura-wa mose saizvozvo.

**Mabasa Avapostori 3.19**

Saka pindakai, mudzoke, kuti zvitadzo zvenyu zvidzimwe, kuti nguva dzokusimbiswa, dzinobva pachiso chaShe, dzisvike.

**Mabasa Avapostori 2.38**

Petrosi akati kwavari: Pindakai, mumwe nomumwe wenyu abapatidzwe nezita raJesu, kuti muregererwe zvitadzo, mugopiwa chipiwa choMweya Mutsvene.

**Ruka 24.47**

Uye kuti marudzi ose aparidzi-rwe nezita rake, kupinduka kwokuti varegererwe zvitadzo zvavo, vachitanga kuparidza muJerusarema.

**Mabasa Avapostori 5.31**

Mwari wakamusimudza iye noruoko rwake rworudyi, kuti ave Mutungamiriri noMusununguri, kuti ape vaIsraeri kupinduka noruregerero rwezvitadzo.

**Zvakazarurwa 3.20**

Ona, ndimire pamusuo ndichigogodza; kana munhu akanzwa izwi rangu, akazarura musuo, ndi-

chapinda maari, ndigodya naye, iyewo agodya neni.

**Johane 8.11**

Iye mukadzi akati: Hakuna Ishe. Jesu akati kwaari: Neniwo handikupii mhosva; endai henyu, murege kutadzazve kubva nhasi.

**Marko 2.5**

Jesu wakati achiona kutenda kwavo, akati kuno wakanga akafa mitezo: Mwana, waregererwa zvitadzo zvako.

**Mateo 6.14**

Nokuti kana muchiregerera vanhu kutadza kwavo, Baba venyu vari kudenga vachakuregereraiwo.

**VaKorose 3.2**

Fungai zviri kumusoro ikoko, regai kufunga zviri pasi.

**Titosi 2.11, 12**

Nokuti nyasha dzaMwari dza-kaonekwa, dzinovigira vanhu vose ruponeso, dzichitidzidzisa kuti tirambe zvokusanamata Mwari nokuchiva zvenyika, tigorarama takangwara, nokururama, nokunamata Mwari panguva ino yatinayo.

**Jakubosi 4.4**

Imi voupombwe hamuzivi here kuti ushamwari hwenyika ndiko kuvengana naMwari? Naizvozvo

kana munhu achida kuva shamwari yenyika, anozviita muvengi waMwari.

**VaEfeso 5.11**

Uye murege kuita ukama namabasa erima asina zvizbereko, asi zviri nani kuti muabudise pachena.

**1 Johane 2.15, 16**

Musada nyika kunyange nezvinhu zviri munyika. Kana munhu achida nyika, rudo rwaBaba haruzi maari. Nokuti zvose zviri munyika, zvinoti: Kuchiva kwenyama, nokuchiva kwameso, nokuzvikudza kwoupenyu, hazvibvi kuna Baba kwete, asi zvinobva panyika.

## Johane 3.3

Jesu akapindura akati kwaari: Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndi-noti kwaari: Kana munhu asingaberekwi kutsva, haangaoni ushe hwaMwari.

## 2 VaKorinte 5.17

Saka kana munhu ari muna Kristu, wava chisikwa chitsva; zvinhu zvekare zvapfuura; ona kwauya zvitsva.

## 1 Johane 2.29

Kana muchiziva kuti iye wakarurama, chizivaiwo kuti mumwe nomumwe anoita zvakarurama wakaberekwa naye.

## 1 Petrosi 1.23

Nokuti makaberekwa kutsva, zvisingabvi pambeu inoora kwete, asi pane isingaori, iro shoko ra-Mwari benyu rinogara kusvikira kusingaperi.

## 1 Johane 5.18

Tinoziva kuti mumwe nomumwe wakaberekwa naMwari haatadzi; asi uya wakaberekwa naMwari anochengetwa naye, wakaipa haangamubati.

## Johane 10.10

Mbava haina chainovinga, asi kuti ibe nokuuraya nokuparadza. Ini ndakauya kuti ave noupenyu, uye ave nohwakawanda kwazvo.

**VaEfeso 2.1, 6**

Wakakuraramisai nemiwo, makanga makafa nokudarika kwenyu nezvitadzo zvenyu. . . akatimutsa pamwe chete naye, akatigarisa kudenga pamwe chete naye muna iye Kristu Jesu.

**1 Petrosi 2.24**

Iye wakatakura pachake zvitadzo zvedu mumuviri wake pamuti, kuti isu, kana tafa kuzvitadzo, tiraramire zvakarurama; iye wakakuporesai namavanga ake.

**VaGaratia 5.24**

Asi vaya vari vaKristu Jesu vakarovera nyama yavo pamuchinji-

kwa, pamwe chete nokuda kwayo, nokuchiva kwayo.

**VaRoma 6.2, 11**

Ko isu, takafa kuzvitadzo, tingazogara mukati mazvo seiko? . . . Saizvozvo nemiwo muzviti makafa zvenyu kuzvitadzo, asi kuti muri vapenyu kuna Mwari, muna Kristu Jesu.

**VaKorose 2.13**

Nemiwo, makanga makafa pakudarika kwenyu napakusadzingswa kwenyama yenyu, wakakupai upenyu pamwe chete naye, pakutiregerera kudarika kwedu kwose kwaakaita.

**Johane 3.14, 15**

Mosesi sezvaakasimudza nyoka murenje, saizvozvo Mwanakomana womunhu anofanira kusimudzawo, kuti ani nani anotenda kwaari, ave noupenyu husingaperi.

**VaRoma 6.23**

Nokuti mubayiro wezvitadzo ndirwo rufu; asi chipo chaMwari chokungopiwa ndihwo upenyu husingaperi muna Kristu Jesu, Ishe wedu.

**Johane 3.36**

Uyo, anotenda kuMwanakomana, ano upenyu husingaperi; asi uya, asingatereri Mwanakomana,

haangaoni upenyu, asi hasha dzaMwari dzinogara pamusoro pake.

**VaGaratia 6.8**

Nokuti munhu anodzvarira nyama yake, achazokohwa kuora, kunobva panyama; asi uya anodzvarira Mweya, achazokohwa upenyu husingaperi, hunobva paMweya.

**Johane 5.24**

Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri: Munhu anonzwa shoko rangu, achitenda uya wakandituma, ano upenyu husingaperi; haapindi mukutongwa, asi wabva murufu, akapinda muupenyu.



**Johane 14.21**

Uyo, ane mirayiro yangu, akai-chengeta, ndiye anondida; zvino uyo, anondida, achadikanwa na-Baba vangu; neni ndichamudawo, ndikazviratidza kwaari.

**VaRoma 8.16**

Iye Mweya pachake unopupurirana nomweya wedu, kuti tiri vana vaMwari.

**1 Johane 3.18, 19**

Vana, ngatirege kuda neshoko kana norurimi, asi ngatide nebasa nechokwadi. Ndizvo zvaticaziva nazvo kuti tiri vechokwadi, tigotendisa mwoyo yedu pamberi pake.

**1 Johane 4.13**

Chatinoziva nacho kuti tinogara maari, iye achigara matiri, ndechokuti wakatipa zvoMweya wake.

**1 Johane 3.24**

Zvino munhu, anochengeta mirayiro yake anogara maari, naiye anogara maari. Izvi ndizvo zvatinoziva nazvo kuti anogara matiri, noMweya waakatipa.

**VaGaratia 4.6**

Zvino zvamuri vanakomana, Mwari wakatuma Mweya woMwanakomana wake mumwoyo medu, unodana, achiti: Aba, Baba!

## **32 KUGARA MAURI KWAKRISTU KUNOPA MUFARO**

### **Johane 17.13**

**Asi zvino ndouya kwamuri. Ndinotaura zvinhu izvi panyika, kuti vave norufaro rwangu ruzere mavari.**

### **VaRoma 14.17**

**Nokuti ushe hwaMwari hazvizi zvokudya kana zvokunwa kwete, asi kururama, norugare, norufaro muMweya Mutsvene.**

### **VaGaratia 2.20**

**Ndakaroverwa pamuchinjikwa pamwe chete naKristu, zvino handizati ndichi ini ndinorarama kwete, asi ndiKristu anorarama mandiri. Kurarama uku kwandi-**

**noita zvino munyama, ndinorarama nokutenda kuMwanakomana waMwari, wakandida, akazvipa nokuda kwangu.**

### **Johane 15.11**

**Ndakakutaurirai zvinhu izvi, kuti rufaro rwangu rugare mamuri, uye kuti rufaro rwenyu ruzare.**

### **Johane 16.22, 24**

**Nemiwo mune shungu zvino, asi ndichakuonaizve, nemwoyo yenyu ichafara, kusina angakutorerai rufaro rwenyu. . . Kusvikira zvino hamuna chamakakumbira muzita rangu; kumbirai muchapiwa kuti rufaro rwenyu rugozara.**

**VaRoma 2.13**

Nokuti vaya vanonzwa murayiro, havazivo vakarurama pamberi paMwari, asi vaya vanoita murayiro, ndivo vacharuramiswa.

**VaRoma 6.16**

Ko hamuzivi here kuti uya wamunozvipa kwaari kuti muve varanda vake kuzomuterera, kuti muri varanda vaiyeyo wamunoterera, kana vezvitadzo zvinondoisa kurufu kana vokuterera kunoisa kukururama?

**2 VaTesaronika 1.7-9**

Achikupai imi munotambudzwa, kuzorora pamwe chete nesu pakuonekwa kwaShe Jesu, kana

achibva kudenga ana vatumwa vesimba rake, mumwoto unopfuta, achitsiva vaya vasingazivi Mwari, navasingatereri Vangeri yaShe wedu, Jesu. Ivava vacharohwa nokuparadzwa kusingaperi, kwokubva pamberi paShe, napakubwinya kwesimba rake.

**1 Johane 2.4**

Uyo, anoti ndinomuziva, asingachengeti mirayiro yake, muvevi wenhema; maari hamuna chokwadi.

**Zvakazarurwa 22.14**

Vakakomborerwa, vaya vanosuka hanzu dzavo, kuti vagone kuuya kumuti woupenyu, vago-pinda muguta napamasuo aro.

## 34 KUREURURA KUNAKRISTU KUNODIKANWA

### VaFiripi 2.11

Kuti ndimi dzose dzibvumire dzichiti, Jesu Kristu ndiye Ishe, kuti Mwari Baba, arumbidzwe.

### Mateo 10.32, 33

Naizvozvo mumwe nomumwe achandipupura pamberi pavanhu, neni ndichamupupurawo pamberi paBaba vangu vari kudenga. Asi mumwe nomumwe anondiramba pamberi pavanhu, neni ndichamurambawo pamberi paBaba vangu vari kudenga.

### VaRoma 10.9, 10

Nokuti kana uchipupura nomuromo wako kuti Jesu ndiShe, ukatenda mumwoyo mako, kuti Mwa-

ri wakamumutsa kuvakafa, uchaponeswa. Nokuti munhu anotenda nomwoyo, ndokururamiswa; uyezve anopupura nomuromo ndokuponeswa.

### 1 Johane 2.23

Ani nani anoramba Mwanakomana, haana naBabawo kwete. Uya anopupura Mwanakomana, ana Babawo.

### Ruka 9.26

Nokuti ani nani anova nenyadzi neni uye namashoko angu, Mwanakomana womunhu achavawo nenyadzi naye musi waanozouya nokubwinya kwake nokwaBaba, nokwavatumba vatsvene.

**2 VaTesaronika 2.9**

Kuuya kwake iye kwakaita mwene sokushanda kwaSatani pamasimba ose, napazviratidzo nezvinoshamisa zvenhema.

**1 Petrosi 5.8**

Svinurai murinde; muvengi wenyu Diabori, anofamba-famba se-shumba inorira, ichitsvaka waingadye.

**Mateo 4.1, 10, 11**

Zvino Jesu wakatungamirirwa noMweya kurenje, kuzoedzwa na-Diabori. . . Ipapo Jesu akati kwaari: Ibva Satani, nokuti kwakanyorwa kuti: Namata Ishe,

Mwari wako, umushandire iye oga. Zvino Diabori wakamurega, vatumwa ndokuuya, vakamushandira.

**VaEfeso 6.11**

Shongai nhumbi dzose dzokurwa nadzo dzaMwari, mugogona kumira muchirwa namano aDiabori.

**Mabasa Avapostori 26.18**

Kuti usvinudza meso avo, vabve murima, vauye kuchiedza, nokubva pasimba raSatani, vauye kuna Mwari, kuti vagogamuchira ruregerero rwezvitadzo zvavo, nenhaka pakati pavaya vakaitwa vatsvene, nokutenda kwandiri.

## 2 VaTesaronika 2.8

Ipapo iye asakarurama achao-  
nekwa, uya, achazourawa naShe  
Jesu nomweya womuromo wake,  
achimushayisa simba nokuone-  
kwa kwokuuya kwake.

## Jakubosi 4.7, 8a

Naizvozvo muzviise pasi pa-  
Mwari, asi dzivisai Diabori, ago-  
kutizai. Swederai kuna Mwari, iye  
agoswedera kwamuri.

## 1 Johane 3.8

Uya, anoita zvitadzo, ndowa-  
Diabori, nokuti Diabori anoita  
zvitadzo kubva pakutanga. Mwa-  
nakomana waMwari wakaoneswa

nemhosva iyi yokuti aparadze ma-  
basa aDiabori.

## VaRoma 8.35, 37

Ndianiko achatiparadzana no-  
rudo rwaKristu? Kutambudzika  
here, kana nhamo, kana kuve-  
ngwa, kana nzara, kana kushama,  
kana ngozi, kana bakatwa here?  
. . . Kwete, pazvinhu zvose izvi,  
tinonyanyisa kuva vakundi naiye  
wakatida.

## VaHeberu 2.14

Naizvozvo, vana zvavakagove-  
rwa ropa nenyama, naiyewo wa-  
kagovana navo pana izvozvi; kuti  
nokufa kwaakaita, aparadze uya  
ane simba rorufu, iye Diabori.

**1 Johane 4.20**

Kana munhu achiti, ndinoda Mwari, achivenga hama yake, mu-revi wenhema; nokuti munhu, asi-ngadi hama yake yaakaona, haangagoni kuda Mwari waasina kuona.

**1 VaKorinte 13.1**

Kunyange ndikataura nendimi dzavanhu nedzavatumwa, ndisina rudo, ndakaita sendarira dzinorira, nedare rinongoti: Ngwere ngwere!

**Johane 13.35**

Vose vachaziva naizvozvi izvi kuti muri vadzidzi vangu, kana muchidana pachenyu.

**Johane 21.16**

Akati kwaarizve rwechipiri: Simoni, mwana waJona, uno rudo neni here? Akati kwaari: Hongu Ishe, munoziva kuti ndinokudai. Jesu akati kwaari: Risa makwai angu.

**1 Johane 3.14**

Tinoziva kuti takabva murufu, tikapinda muupenyu, nokuti tinoda hama. Uya, anoshayiwa rudo, anogara murufu.

**VaGaratia 5.22, 23a**

Zvino chibereko choMweya ndirwo rudo, norufaro, norugare, nomwoyo murefu, nomwoyo munyoro, nokunaka, nokutendeka, nounyoro, nokuzvidzora.

**Mabasa Avapostori**  
**10.39-41**

Nesu tiri zvapupu zvezvinhu zvose, zvaakaita munyika yavaJuda nomuJerusarema; ndiye wava-kauraya, vachimuturika pamuti. Ndiye wakamutswa naMwari nezuya retatu, akamupa simba kuti aonekwe pachena; akasaonekwa navanhu vose, asi nezvapupu zvakagara zvasarudzwa naMwari, iyesu, taidya nokunwa naye, amuka kuvakafa.

**Johane 20.26-28**

Kuzoti kwaperazve mazuva masere, vadzidzi vake vakanga vari mumba muya, Tomasi anavo. Je-

su akauya, misuo yakapfigwa, akamira pakati pavo, akati: Rugare kwamuri! Akabva ati kuna Tomasi: Uya nomunwe wako pano, uone zvanza zvangu; uyewo noruoko rwako, upinze murutivi rwangu; usava munhu asingate-ndi, asi anotenda. Tomasi akapindura, akati kwaari: Ishe wangu naMwari wangu!

**Marko 16.9**

Zvino kuzoti amuka mangwanani nomusi weSvondo, wakazviratidza pakutanga kuna Maria Magadarina, uya waakanga adzinga mweya yakaipa minomwe maari.



**Mateo 16.21**

Kubva panguva iyo Jesu wakatanganga kuratidza vadzidzi vake, kuti anofanira kuenda Jerusarema, kundotambudzwa zvizhinji navakuru navapristi vakuru navanyori, nokuzourawa, ndokuzomutswazve nezuva retatu.

**Johane 5.25, 28, 29**

Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri: Nguva inouya, nazvino yatovapo, yokuti vakafa vachanzwa izwi roMwanakomana waMwari; uye vaya vanorinzwa vachararama. . . Musashamiswa nazvo, nokuti nguva inouya, ichanzwa vose vari mumakuva i-

zwi rake; zvino vaya, vakaita zvakana, vachabudira kumuka kwoupenyu; vaya vakaita zvakai-pa, vachabudira kumuka kwokutongwa.

**VaRoma 6.3-5**

Ko hamuzivi kuti isu, takabapatidzwa muna Kristu Jesu, takabapatidzwa murufu rwake here? Saka takavigwa pamwe chete naye murufu, nokubapatidzwa iko, kuti Kristu sezvaakamutswa kuvakafa nokubwinya kwaBaba, saizvozvo nesuwo tigofamba muopenyu utsva. Nokuti kana takabatanidzwa naye murufu rwakaita sorwake, tichadarozve mukumuka kwakaita sokwake.

## 2 VaKorinte 7.1

Zvino, vadikanwa, zvatine zvipikirwa izvi, ngatizvinatse pama-tsvina ose enyama noomweya, tichipedzisa utsvene pakutya Mwari.

## VaEfeso 4.24

Mugopfeka munhu mutsva, wakasikwa akafanana naMwari pakururama napautsvene hwechokwadi.

## 2 Timotia 2.21

Naizvozvo kana munhu achi-zvinatse kwazvo pazvinhu izvi, achava mudziyo unokudzwa, wakitwa mutsvene, wakakwanira basa raTenzi, wakagadzirirwa ma-basa ose akanaka.

## 1 Petrosi 1.2

Vakasanangurwa sokuziva kwa-Mwari Baba zviru mberi, muutsvene hwoMweya, kuti vaterere, vasingwe neropa raJesu Kristu: Nyasha norugare ngazviwanzwe kwamuri.

## 1 Petrosi 1.15

Asi nemiwo pachenyu muve vatsvене pamufambiro wenyu wose, saiye, wakakudanai, ari mutsvene.

## Ruka 1.74, 75

Kutipa kuti timushandire tisingatyi, Tasunungurwa pamaoko avavengi vedu, Tichimushandira muutsvene nomukururama pamberi pake, mazuva edu ose.

**VaEfeso 4.24**

Mugopfeka munhu mutsva, wakasikwa akafanana naMwari pakururama napautsvene hwechokwadi.

**2 Petrosi 3.11**

Izvi zvose zvazvinoparadzwanenzira iyi, ko imi munofanira kuva vanhu vakadini pamufambiro wenyu mutsvene nokuda Mwari?

**VaEfeso 1.4**

Sokutisanangura maari kwakaita, nyika isati yavambwa, kuti tive vatsvene vasina mhosva pamberi pake.

**VaHeberu 13.12**

Saka naiye Jesuwo wakatambudzika kunze kwesuo, kuti vanhu avaite vatsvene neropa rake.

**1 Johane 1.9**

Kana tichizvirevurura zvitadzo zvedu, iye wakatendeka nokururama, zvokuti anotiregerera zvitadzo zvedu, nokutichenesa pakusarurama kwose.

**Mateo 3.11**

Ini ndinokubapatidzai nemvura, kuti mupinduke; asi, anouya shure kwangu, ane simba kupfuureni, wandisakafanira kutakura shangudzake; iye achakubapatidzai noMweya Mutsvene nomwoto.

## Mabasa Avapostori 1.8a

Asi muchapiwa simba, kana Mweya Mutsvene wauya pamusoro penyuru; ipapo muchava zvapu-pu zvangu. . .

## Mabasa Avapostori 7.55

Asi iye azere noMweya Mutsvene, wakatarisisa kudenga, akaona kubwinya kwaMwari, na Jesu amire kuruoko rworudiyi rwaMwari.

## Ruka 11.13

Zvino kana imi makaipa muchiziva kupa vana venyu zvipo zvakana, ko handiti Baba venyu vari kudenga vanganyanye kupa vana vanokumbira kwavari, Mweya Mutsvene here?

## VaRoma 8.9

Asi imi hamuzi munyama, asi muMweya, kana Mweya waMwari achinge achigara mamuri zvomene. Asi kana munhu asina Mweya waKristu, haazi wake.

## Mabasa Avapostori 4.31

Zvino vakati vanamata, nzvimbo pavakanga vakaungana ikazununguka; vakazadzwa vose noMweya Mutsvene, vakataura shoko raMwari vasingatyi.

## Mabasa Avapostori 11.24

Nokuti waiva murume wakana, azere noMweya Mutsvene norutendo. Vanhu vazhinji kwazvo vakawedzerwa kuna Ishe.

**Mateo 6.33**

Asi tangai kutsvaka ushe hwa-Mwari, nokururama kwake; izvo-zvi zvose muchazvipamhidzirwa.

**Zvakazarurwa 21.4**

Achapukuta misodzi yose pameso avo; uye hakuchavi norufuzve, kunyange kurira, kunyange kuchema kana kutambudzika hazvizovikozve, nokuti zvinhu zvokutanga zvapfuura.

**1 Petrosi 4.12, 13**

Vadikanwa, musashamiswa nokuedzwa kunopisa somwoto, kunouya mukati menyu kuti kukuedzei, mwene somawirwa nechisi-

ngazikanwi. Asi farai zvamunogovana naKristu pakutambudzika kwake, kuti pakuonekwa kwokubwinya kwake mugofarawo norufaro rukuru.

**Marko 9.23**

Jesu akati kwaari: Kana zvirizvokugona, zvose zvinogoneka kuna anotenda.

**VaHeberu 12.7a**

Tsungai henyu mwoyo kuti murangwe.

**Mateo 28.20**

Mugovadzidzisa kuchengeta zvose zvandakakurayirai imi; uye tarirai, iyeni ndinemi mazuva ose, kusvikira pakuguma kwenyika.

**VaHeberu 2.18**

Nokuti iye pachake, zvaakata-  
mbudzika pakuedzwa, anogona  
kubatsira vaya vanoedzwa.

**VaRoma 16.20**

Zvino Mwari worugare achaku-  
rumidza kupwanya Satani pasi  
petsoka dzenyu.

**Jakubosi 1.12**

Munhu wakakomborerwa ano-  
tsunga mwoyo pakuedzwa; nokuti  
kana achinge atendwa, anozopiwa  
chiremba choupenyu chakapiki-  
rwa vaya vanomuda.

**2 VaKorinte 4.17**

Nokuti kutambudzika kwengu-  
va duku, kwakareruka, kunotivi-

gira musengwa wokubwinya usi-  
ngaperi, unokunda zvose.

**VaRoma 8.28**

Uyezve tinoziva kuti zvinhu  
zvose zvinoshanda pamwe chete  
kuitira vaya zvakanaka, vanoda  
Mwari, ivo vaya vakadanwa se-  
zvaakafunga.

**1 VaKorinte 10.13**

Hamuna kuwirwa nomuedzo u-  
siri wavanhu vose, asi iye Mwari,  
wakatendeka, haangatenderi kuti  
muedzwe kupfuura pamasimba a-  
munawo; asi pamwe chete no-  
muedzo achakugadziriraiwo nzira  
yokupukunyuka nayo kuti mugo-  
gona kutsunga.

**Zvakazarurwa 3.12**

Anokunda ndichamuita mbiru mutembere yaMwari wangu, haangazobudimozve; ndichanyora pamusoro pake zita raMwari wangu, nezita reguta raMwari wangu, Jerusarema idzva rinoburuka richibva kudenga kuna Mwari wangu, nezita rangu idzva.

**Zvakazarurwa 21.7**

Uya anokunda achagara nhaka yezvinhu izvi; uye ndichava Mwari wake, iye akava mwanakomana wangu.

**Zvakazarurwa 2.7**

Ane nzeve, ngaanzwe zvinoreva Mweya kuchechi. Anokunda,

ndichamutendera kuti adye muti woupenyu, uri muParadiso yaMwari.

**Zvakazarurwa 3.21**

Anokunda ndichamupa chinhu ichi, kuti agare neni pachigaro changu choushe, seniwo ndakakunda, ndikagara pamwe chete naBaba vangu pachigaro chavo choushe.

**Zvakazarurwa 3.5**

Anokunda, achapfekedzwa hanzu chena saizvozvo; handingatogodzimi zita rake mubuku roupenyu, uye ndichapupura zita rake pamberi paBaba vangu, napamberi pavatumwa vake.

## 46 MWARI ANOTAURA KWATIRI NAPAMUSORO POKURAMBANA

**Mateo 5.32**

Asi ini ndinoti kwamuri: Mumwe nomumwe anoramba mukadzi wake, kunze kwemhosva yopombwe, anomuitisa upombwe, uye ani nani anowana warambwa anoita upombwe.

**VaRoma 7.2, 3**

Nokuti mukadzi, ano murume, wakasungwa nomurayiro pamurume wake achiri mupenyu; asi kana murume afa, wasunungurwa pamurayiro womurume iyeyo. Naizvozvo zvino, kana akazowanikwa nomumwe murume, muru-

me wake achiri mupenyu, achanzi imhombwe; asi kana murume wake afa, wasununguka pamurayiro, haizi mhombwe, kana achinge awanikwa nomumwe murume.

**1 VaKorinte 7.10, 11**

Zvino vaya vakawana, ndinovarayira, asi handizini ndinodaro kwete, ndiShe, kuti mukadzi ngarege kubva pamurume wake; asi kana achibva, ngaagare akadaro asingawanikwizve, kana kuti ayanane nomurume wake; uyezve kuti murume arege kuramba mukadzi wake.



**Jakubosi 5.8**

Nemiwo tsungirirai, musimbise mwoyo yenyu, nokuti kuuya kwa-She kwava pedyo.

**Zvakazarurwa 3.11**

Ndinokurumidza kuuya; batisisa ichocho chaunacho, kuti urege kutorerwa chiremba chako.

**Mabasa Avapostori 1.11**

Vakati: Nhai varume veGari-ria, makamirireiko makatarira kudenga? Uyu Jesu, wabva pamuri, akakwidzwa kudenga, achazouya saizvozvo, sezvamamuona achienda kudenga.

**Marko 8.38**

Nokuti munhu, ane nyadzi pamusoro pangu napamusoro pama-

shoko angu murudzi urwu rwoupombwe norwokutadza, Mwana-komana womunhu achanyarawo pamusoro pake, musi waanouya nokubwinya kwaBaba vake ana vatumwa vatsvene.

**Mateo 24.27**

Nokuti sezvinoita mheni, inopenya kumabvazuva, ichivenekera kusvikira kumavirira, ndizvo zvi-chaita kuuya kwoMwanakomana womunhu.

**Johane 14.3**

Kana ndichinge ndaenda, ndikandokugadzirirai pokugara, ndinozodzokazve, ndigokutorai kuti muuye kwandiri; kuti apo pandinenge ndiri, nemi mugovapowo.

**Zvakazarurwa 16.15**

Ona, ndinouya sembava. Wakakomborerwa anorinda, achiche-negeta hanzu dzake, kuti arege kufamba akashama, vakaona nyadzi dzake.

**Mateo 24.30**

Ipapo chiratidzo choMwanakomana womunhu chichaonekwa mudenga. Ipapo marudzi ose enyika achachema, achiona Mwanakomana womunhu achiuya nesimba nokubwinya kukuru, ari pamakore omudenga.

**Ruka 21.27**

Ipapo vachaona Mwanakomana womunhu achiuya ari mugore, nesimba nokubwinya kukuru.

**Ruka 12.40**

Nemiwo mugare makazvigadzirira, nokuti Mwanakomana womunhu achauya nenguva yamusingafungi.

**Mateo 16.27**

Nokuti Mwanakomana womunhu achauya navatumwa vake mukubwinya kwaBaba vake; ipapo achapa mumwe nomumwe paakashanda napo.

**1 Johane 3.2**

Vadikanwa, tiri vana vaMwari zvino, uye zvichigere kuratidzwa kuti tichazovei. Tinoziva kuti kana achizoonekwa, tinozova saiye, nokuti tichamuona sezvaakaita.

## SHOKO RAMWARI

### VaHeberu 4.12

Nokuti shoko raMwari ibenyu, rine simba, uye rinopinza kukunda bakatwa ripi neripi, rinocheka kwose, richibaya kusvika panoparadzana upenyu nomweya, nama-fundo amafupa nomwongo, richitonga zvinofunga nezvinoda mwoyo.

### Johane 6.63

Mweya ndiwo unoraramisa, nyama haina maturo; mashoko andakutaurirai, ndiwo mweya noupenyu.

### 2 Petrosi 1.21

Nokuti hakuna uprofita hwakotongouya nokuda kwomunhu, asi

vanhu vaMwari vakataura, vachimutswa noMweya Mutsvene.

### Ruka 21.33

Denga nenyika zvichapfuura hazvo, asi mashoko angu haangotongopfuuri kwete.

### 2 Timotia 3.16

Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari, uye runobatsira pakudzidzisa napakurayira, nokururamisa, nokuranga kuri mukururama.

### Mateo 22.29

Jesu akapindura, akati kwavari: Makarasika, musingazivi Magwaro, kana simba raMwari.

Scripture text reprinted from the Bible in Shona by permission of United Bible Societies Africa Regional Centre, Nairobi, Kenya.

---

Published in numerous languages by World Missionary Press as God supplies funds in answer to prayer. If you would like more copies for careful distribution, write in English to:

**World Missionary Press, Inc.**  
**P.O. Box 120**  
**New Paris, Indiana 46553 U.S.A.**